No. of Printed Pages : 3

**BMAF-001**

# BDP/BCA/BTS

## सत्रांत परीक्षा

## दिसम्बर, 2018

00201

## BMAF-001 : मैथिली में आधार पाठ्यक्रम

*Time : 2 hours* *Maximum Marks : 50*

---

***नोट :*** *सभ प्रश्नक उत्तर देब अनिवार्य अछि ।*

---

**1.** निम्नलिखित शब्दकेँ तिरहुतामे लिखू : *5*

(क) आम

(ख) कान

(ग) बाज

(घ) दाम

(ङ) लाल

**2.** निम्नलिखित शब्दकेँ शुद्ध कय कड लिखू : *5*

(क) पसुपति

(ख) द्रोनाचार्य

(ग) रबर

(घ) आँचड़

(ङ) अंब

**3.** सरस्वती पूजा पर 50 शब्दमे टिप्पणी लिखू । *5*

**4.** निम्नलिखित पाबनि-तिहारक मासक नाम लिखू : 5

(क) नागपञ्चमी – साओन/भादव

(ख) गुरु पूर्णिमा – जेठ/अषाढ़

(ग) मधुश्रावणी – साओन/आसिन

(घ) कृष्णाष्टमी – भादो/कातिक

(ङ) सीतानवमी – चैत/बैसाख

**5.** निम्नलिखित शब्दक विपरीतार्थक शब्द लिखू : 5

(क) असली

(ख) उज्जर

(ग) मित्र

(घ) अकास

(ङ) रागी

**6.** कोनो ***एक*** अवतरण पर 150 शब्दमे टिप्पणी करू : 7

(क) प्रथमहि सङ्कर सासुर गेला ।
बिनु परिचय उपहास पड़ला ।।
पुछिओ न पुछलक बैसलाह जहाँ ।
निरधन आदर के कर कहाँ ।।
हिमगिरि-मण्डप कौतुक-रसी ।
हेरि हँसल सबे बुढ़ तपसी ।।
से सुनि गौरि रहलि सिर नाए ।
के कहत मा के तोहर जमाए ।।
साप सरीर ओ काँख बोकाने ।
प्रकृति औखध जग केदहु जाने ।।
भनइ विद्यापति सहज कहू ।
आडम्बरे आदर हो सबतहू ।।

(ख) दुइ फँड़वला बुढ़वा गाछ
कोनइला तर ठाढ़ छी
करइ अछि आकृष्ट मनकेँ
डारिपर लटकल सिनुरिआ आम
काल्हि परसू आ कि चारिम दिन जएतइ पाकि
पाबि सिहकी रात्रिशेषक
रब्भ दए खसि पड़त चुप्पेचाप
के कहओ, लगतैक ककरा हाथ
रिछु होअओ भावीक चिन्ता नहि करी
एखन तँ झरकल नएनकेँ जुड़ा ली तत्काल
दिव्य ओ अभिराम,
करइ अछि आकृष्ट मनकेँ
डारि पर लटकल सिनुरिआ आम ।

**7.** ग्रामसेविकाक विमलादेवीक चरित्र-चित्रण करू । *7*

**8.** कोनो *एक* विषय पर 300 शब्दमे लिखू : *7*

(क) विद्यापति

(ख) भारतक ललित कला

(ग) हरिमोहन झा

**9.** अंग्रेजीक निम्नलिखित पंक्तिक मैथिलीमे अनुवाद करू : *4*

(क) I can write.

(ख) I have two books.

(ग) I lost my pen.

(घ) I go to school.